

Règ pou Vizite Anbilatwa MSHS

Mizajou: 7.26.2021

Mount Sinai akeyi vizitè yo nan biwo pasyan ekstèn nou yo. Kontra vizitè nou an ap limite pou asire bon distans sosyal nan biwo yo sou baz rekòmandasyon aktyèl gouvènman an.

- Pasyan yo gen dwa pou yon sèl vizitè alafwa, **ak kèk eksepsyon. Pou plis enfòmasyon ak kèk adrès, [*klike la*](#)**
- Vizitè yo dwe gen 18 lane oswa plis
- Nenpòt moun ki te dyagnostike avèk COVID-19 nan 10 jou anvan yo p ap otorize antre nan biwo pou pasyan ekstèn.
- Nenpòt moun ki te nan menm kay oswa te gen kontak pwòch ak yon moun ki te dyagnostike avèk COVID-19 nan 10 jou anvan yo p ap otorize antre nan biwo pou pasyan ekstèn
- Vizitè yo dwe konfòme yo avèk règ ak restriksyon [vwajaj entènasyonal ak lokal NYS yo](#)
- Anvan yon vizit, vizitè yo:
 - Dwe mete yon mask chirijikal pandan vizit yo. Mask ki gen valv yo pa otorize. N ap bay mask si sa nesèsè.
 - Y ap fè yo fè depistaj pou sentòm, tcheke tanperati yo epi y ap mande yo enfòmasyon kontak anvan yo antre. Si sa nesèsè, vizitè yo ap resevwa ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE) ak montre yo bon fason pou mete li.
 - Y ap mande vizitè yo pou lave men yo lè y ap antre nan etablisman an.
 - Règ sou distans sosyal yo pral aplike epi y ap mande vizitè yo pou tann deyò
 - Pou pasyan chiriji yo, yo ka mande vizitè yo pou kite apre pwosesis anrejistreman an epi pou retounen lè pasyan an pare pou yo pase pran li

Tanpri sonje, gid anbilatwa a ka modifiye pou asire sekirite pasyan, manm pèsònèl ak vizitè yo.